ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№200 (21.858) ● 2010 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Телеграммэхэр

Къанокъуэ Арсен Краснодар крайм и цIыхухэм яхуогузавэ

Къэбэрдей-Балкъкэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Краснодар крайм и губернатор Ткачев Александр хуэгузэвагъ а щIыналъэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм цIыхухэр зэрыхэкIуэдам къыхэкIыу.

«Къэбэрдей-Балкъэрым исхэм гущIыхьэ ящыхъуащ ТIуапсэ районым къыпыкъуэкIа гузэвэгъуэм цIыхухэр зэрыхэкIуэдам теуха хъыбарыр. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым, Правительствэм, ди республикэм ис псоми цIыхухэр зэрыхэкIуэдамкIэ сынпхуогузавэ икIи лей зытехьахэм ядэIэпыкъуныбкIэ, гузэвэгъуэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыныбкIэ зыфIщIэдгъэкъуэну дыздыхьэрыр бжьэоIэ. Сыноль.Iу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ ди цIэкIэ уахуэгузэвэну», - къыщыгъэльэгъуащ телеграммэм.

Тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъ адыгэхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхьу М. Хь. деж

ПщIэ зыхуэтщI
Мэжид Хьэрун и къуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и Адыгэ Хасэм гущIыхьэ ящыхьащ тенджызым къыщежьэу псы Iуфэм къэса гуэжькъуий лъэщ 13-м я зэранкIэ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 15-16-хэм я жэщым Краснодар крайм и ТIуапсэ районым псыр къызэрыщIуам къыхэкIыу цIыхухэр зэрыхуэкIуэдам, хъыбарыншэу зэрыкIуэдам теухуауэ къатахэр. Районым и жылагъуэхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ, Псыуэшхуэ Ин, Псыуэшхуэ ЦIыкIу адыгэ къуажэхэр зэтекъутащ. Псыр зыщIэхуахэм яхэхуащ Лазаревскэ районым щыIэ ЩхьэхуитI, ЛIыгъуэтыхь, ДАХ-м и президент АЖАХЪУЭ Къанщобий КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО-м и президиумымрэ хэкIуэдахэм я благъэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

ДАХ-м и президент АЖАХЪУЭ Къанщобий
КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО-м и президиумымрэ хэкIуэдахэм я благъэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

Налшык къалэ, 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м.

Дунейкъутэжым хуэдэт

●КъэхъукъащIэхэр

Псы кьнуахэм ТIуапсэ районыр зэтрикъутащ. Нэхъ хэщIныгъэшхуэ зыгъэуэтахэм яхэтщ адыгэ къуажитI.

ГЪЭМАХУЭР егъэлеяуэ хуэбащ, бжьыхьэм зэуэ щIыпIэ зыкъыхэзэкъуихащ... Дунеим и апхуэдэ щыгтыкIэм тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм фIы къыщыдэкIуэркъым: гъэжькъуинхэр кIожьэ, псыхэр къуо. Псом хуэмыдэу кьыхэзымыкIуэ щытыкIэхэр куэдрэ къыщохъу ТIуапсэ районым.

Иджыри арат. ФокIадэ мазэм мы щIыпIэм щIыр зыбжанэрэ щыхъеящ. Ауэ, я насыпти, цIыхухэр хэкIуэдакъым, псэуахъэхэми зэраныгъэ ягъуэтакъым. Ауэ насыпыншагъэ гуэр кьыхэзыкIынур псоми зыхащIэ хуэдэт. Жэпуэгъуэ мазэм уэлбанэу зыкъызэхъуихри, уэшхыр мыувыIэжу къешхыу хуеяжащ. Абы щыкIагъуэу пылъыр зыхуэдизыр мы щIыпIэм щIыпсэухэм ящIэ. Ауэ гузэвэгъуэр, зыри пэмыпIащ, жэпуэгъуэм и 16-м и жэщым ТIуапсэ районым кьыпхъэIэсащ.

(Кьуэхыр 4-нэ нап.).

●ЗэIущIэхэр

Псоми щыгъуазэхэр

Иджыблагъэ екIуэкIащ мылъкур къэралым итхьыныбмкIэ, кадастрымрэ картографиемкIэ федеральнэ кьуэдыкъуащIапIэм (Росреестр) и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и зэIущIэ. Абы щытепсэльыхьащ Iуэхугъуэ зыбжанэм.

ПСОМ хуэмыдэу кьыхэзгъэщхьэхукIащ «ЯгъэIэпхъуэ мыхъу мылъкуи и къэрал кадастрым хагъэхьаХэм теуха хъыбархэр зэрырат хабзэр гъэувыным теухуауэ» УФ-м Экономикэ зыуэкьыныгъэмкIэ и министерствэм 2010 гъэм мазаем и 27-м кьыдигъэкIа унафэ №75-р ягъэзэщIэн папщIэ зэфIагъэкIыпхъэхэр.

Къудамэм и унафэщI Жэмыкуэ Артур жиIащ езыр зи пашэ Iуэхущ1апIэм игъэзащIэ кьаIэнэхэм къазэрыхэхъэр. Иджы мы къудамэм хохьэ щы кадастр палатэри, картографиери, ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъкур тхьыныбмкIэ къэралым и цIэкIэ къаIэнэхэр зыгъэзащIэ Iуэхущ1апIэри.

Абы и псалъэхэхэм кьыхэзэхущ1амкIэ, Iуэхур мыпхуэдэу зэрыцэтраухуам хуабжьу иригъэфIакIуэн хуеящ зэIэпах-зэрагъэгъэт мылъкум егъэщIыIа гъэжьыгъэ псори хабзэм ирагъэзэгъэнущ.

ИпэкIэ зэрыжьыгIащи, зэIущIэм кьыщащIэгъуэн хуэхуГъунущ. Я1пэу кьэпсэльащ ЩIы кадастр палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Бозий Таймураз. Ар кьытеувыIащ IэнатIэм кьыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм.

Апхуэдэу зэIущIэм кьыщыпсэльащ мылъкур къэралым егъэтхьныбмкIэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ ДзыгъуанэИзор. Абы зэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ нужь зэманым УФ-м Экономикэ зыужьныгъэмкIэ министерствэм мы IэнатIэм хилъха зэхъуэкIыныгъэхэм.

Хуитныгъэхэмрэ зыуэ щыт къэрал реестрымкIэ къудамэм и унафэщI Иуан Еленэ щыгъуазэ ищIащ мылъкур кьащхьэн е ящэн папщIэ зекIуэ хабзэхэм. Абы и лэжьэгъу Каитвицевэ Светланэ видеотехникэкIэ зэрангъэльэгъуащ Iуэхум екъэIа тхьылъхэр зэрызэрагъэпэщын хуей щыкIэхэр.

Псори зытещIыхьар 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м кьару зыгъэут унафэщI. Ар кьыдигъэкIащ УФ-м Экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм.

ДипэкIэ мы IэнатIэм щызекIуэжынукъым

Иджыблагъэ ЩIэнтIэпс хъер хъуркъым.

ЛъэпкъIуущIыгъэ:

Я къалэнхэм хуэпэжу

УФ-м къырал кIуэцI Iуэхухэмкъ и министр Нурмагомед Рашид ФIыцIэ яхуэщIащ зи къалэнхэм хуэпэжу икIи Iуэхум хуэЗэзу щIэнхьаджащIэхэм япэува хабзэхъумэхэм.

Беджмылы зэрыхъуамкIэ, щIэпхъаджащIэхэр хэтащ Щэшэным и парламентым щыщ депутат зыбжанэ яуэкIыну. Ахэр уеблэмэ унэм и еплIанэ къатми иэсыфащ. АрщхьэкIэ бзаджэнаджэхэм япэуващ СОБР-м хэт зауэлIхэр. ЩIэпхъаджащIитIым езыхэм дагъымкIэ зыкъыгъэуащ, щыр хабзэхъумэхэм яукIащ. ЦIыху мамыр-хэм ящыщу 17 уIэгъэ хъуащ.

КуэдкIэ зэгурыIуэу

Урысейм и Iэтащхьэ Медведев Дмитрий Франджым щепсэльащ а къэралым и президент Саркози Николя рэ Iерманиеи и канцлер Меркель Ангелэрэ. Абыхэм я зэIущIэр купщIафIэу щытащ. Лъэныкъуэхэр Iуэху куэдкIэ зэгурыIуащ.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий зэIущIэм щыжиIащ щэкIуэгъуэ мазэм Лиссабон кIуэну. Ар хэтынущ «Урысей-НАТО» совет-ым и зэхьыхьэм. Мы Iуэхур щыхьэт тохъуэ Урысеймрэ Атлантикэ ищхьэрэ блокымрэ я зэхущытыкIэхэр зэрефIакIуэм.

Украинэм нос

Венгриеи кьыщыуа химзаводым къыщIэжа щхьэхьыр Iунай цым нрехьэх. ЕвщIагъэлIхэм кьыхэзрагъэтэмкIэ, мыгувэу ар Украинэм нэсынущ.

Псори тогуэвыхь ар цIыхухэми щIыуэпсми зэран зэрахуэхьуным.

НОБЭ

♦Статистикэм и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 40-нэ сессием и унафэкIэ ягъэуващ.

♦Урысей Флотыр кьыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Дзэ связистым и махуэщ

♦Жэпуэгъуэм и 20 - 21-хэм Астэна (Къзэхьстан) щекIуэкIынущ ОБСЕ-м терроризмэм пэщIэтынымкIэ и конференщ.

♦Жэпуэгъуэм и 20 - 22-хэм Барилоте (Аргентинэ) щекIуэкIынущ хъыбарегъащIэ агентствэхэм я 3-нэ дунейпсо конгрессыр.

♦2000 гъэм Шэджэм поселкэр ШэджэмкIаIэ хъуащ.

ПIалъэхэр зыхьхьэзыгар **ШАЛ Мухьэмэд.**

Я къалэнхэм хуэпэжу

УФ-м къырал кIуэцI Iуэхухэмкъ и министр Нурмагомед Рашид ФIыцIэ яхуэщIащ зи къалэнхэм хуэпэжу икIи Iуэхум хуэЗэзу щIэнхьаджащIэхэм япэува хабзэхъумэхэм.

Беджмылы зэрыхъуамкIэ, щIэпхъаджащIэхэр хэтащ Щэшэным и парламентым щыщ депутат зыбжанэ яуэкIыну. Ахэр уеблэмэ унэм и еплIанэ къатми иэсыфащ. АрщхьэкIэ бзаджэнаджэхэм япэуващ СОБР-м хэт зауэлIхэр. ЩIэпхъаджащIитIым езыхэм дагъымкIэ зыкъыгъэуащ, щыр хабзэхъумэ-

Лъэпкъ Iуущ1ыгъэ:

Хамэ пщIэнтIэпс хъер хъуркъым.

●Къэрал гулъытэ

Хъупсырокъуэ Хъызыр пщIэ къыхуащI

КАВКАЗ ИЩХЪЭРЭМ ис лъэпкъхэм я щэнхабзэм и тхыдэмкIэ Урысейм и Iэщ1агъэлI нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ, тхакIуэ Хъупсырокъуэ Хъызыр «Хэкум и пащхьэ щIIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и III нагъыщэр кьратащ. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа щIэныгъэлIым къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщыр кьыхуэгъэфэщащ «щэнхабзэм, печатым, телерадиовещанэм и Iэнатlэхэм щиIэ фIыщIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ и зэфIэкI кьиригъэльагъуэу творческэ лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым папщIэ».

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Хъупсырокъуэм и юбилейм ирихьэлIэу кьыдигъэкIащ «Пушкинымрэ ЩIерджэсымрэ» тхылъыщIэр. Абы кьыщыхэгъэщащ Урысейм ис лъэпкъ цIыкIухэм я щэнхабзэр хъумэныкIэ, зегъэужьыныкIэ, ар дунейпсо утыкум ихьэныкIэ егъэлеяуэ Iуэхуэшхуэхэр зэфIэзыгъэкIа урыс интеллигенцэм и щIыхуэ кьызэрыттенэр.

«Урыс-адыгэ литературэ зэпыщIэныгъэхэр Пушкиным и лъэхъэнэм кьыщегъэжьауэ кьокIуэкI. Абы «Современник» журналым и я10-томым 1836 гъэм кьытридзауэ щытащ урыс офицер Кьаздэржий СультIан и «Хьэкьитlэгъу ауэ» тхыгъэр икIи ар Белинскэм фIэтелъыдзэ хъуауэ щытащ», - щыжиIащ профессорым ИТАР-ТАСС-м и корреспондентым ирита интервьюм.

«Щэрджэс» цIэр куэд лъандэрэ кьадокIуэкI «адыгэ»-кIэ зэджжу Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъ зыбжанэм. Абыхэм езы-хэм я тхыбзэ яIэжу щытакъым. А тхыбзэр кьызэзыгъэпэщар зи нэхьыбапIэкIэ пащтыхьыдзэм хэта, абы кьыдэкIуэу щIэныгъэшхуэ зэрыгъэгъуэта адыгэ уэзщIакIуэрэщ», - хэхауэ кьыригъэлъэгуащ Хъупсырокъуэм.

ТхакIуэм зэрыкиIэмкIэ, «кьыпхуэмыльытэным хуэдэу мыхьэнэшхуэ яIэщ урысыдзэм кьулыкIу щызыщIахэу Раевскэм, Бенкендорф, Бестужев-Марлинскэм адыгэ щэнхабзэм и тхыдэм теухуауэ ятхахэм».

Абы кьыдэкIуэу профессорым кьыхигъэщащ «лъэпкъитIым я зэпыщIэныгъэхэм гугъуехьхэри зэрэзыхъэрэ». «Кавказ зауэр илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIащ, ауэ мамырыгъуэ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм, абы иужь илъэсхэм Къэрэшей-Щэрджэсым къыщыхъуа Iуэхухэр. Абыхэм кьахощ Урысейм ис лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ зэдзэжьныгъэм и хэкIыпIэхэр.

Фокlадэм и 19-м Я1пэ каналым щыщIидзащ «Мылымрэ мафIэбзийм» телевизионнэ нэгузегъэужьым (шоу).

АБы ХЭТХЭР зэпоуэ фигурнэу кьэжьыхьыныкIэ иджы-рей хореографиемкIэ. Артистхэмрэ шоу-хьэрычэтыщIэм и вагъэхэмрэ мылым гъэрыжькIэ кьыщажьыхьыу, спортсмен цIэрыIуэ зэн уэрэд жаIэфу загъэсауэ утыку кьохьэ.

Зи гугъу тщIы проектым хэмрэ. Я тхылъхэм ящIыгъуу ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзырым хуейщ кьалэм щыщIэ социальнэ е экономикэ гугъуехьэхэм ящыщу зым и хэкIыпIэр щыгъэпкIрыхьа лэжьыгъэ. Апхуэдэуи абыхэм кьепсэльэнущ щыпIэ администрацэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ район кьудамэм я Iэщ1агъэлIхэр, КъБР-м и Щ1алэгъуалэ и правительствэм хэтхэр.

Щ1алэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкIэ и министр, проектыр кьэзыгупсыса Азаров Тимур зэрэжьиIамкIэ, щ1алэгъуалэ администрацэр ныбжьыщIэхэм я жьыджэрагъыр хьэзэщIэзыгъэ, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр щыпхагъэкI, социально-экономикэ зыужьныгъэм екъэIа Iуэхугъуэхэр щызэфIагъэкI Iуэхущ1апIэу щытынущ.

ШЫПШДаянэ.

●Телеграммэхэр

Къанокъуэ Арсен Краснодар крайм и цIыхухэм яхуогузавэ

Къэбэрдей-Балкъкэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Краснодар крайм и губернатор Ткачев Александр хуэгузэвагъ а щIыналъэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм цIыхухэр зэрыхэкIуэдам къыхэкIыу.

«Къэбэрдей-Балкъэрым исхэм гущIыхьэ ящыхъуащ ТIуапсэ районым къыпыкъуэкIа гузэвэгъуэм цIыхухэр зэрыхэкIуэдам теуха хъыбарыр. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым, Правительствэм, ди республикэм ис псоми къабгъэдэкIыу цIыхухэр зэрыхэкIуэдамкIэ сынпхуогузавэ икIи лей зытехьахэм ядэIэпыкъуныбкIэ, гузэвэгъуэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыныбкIэ зыфIщIэдгъэкъуэну дыздыхьэрыр бжьэоIэ. Сыноль.Iу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ ди цIэкIэ уахуэгузэвэну», - къыщыгъэльэгъуащ телеграммэм.

Тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъ адыгэхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхьу М. Хь. деж

ПщIэ зыхуэтщI
Мэжид Хьэрун и къуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и Адыгэ Хасэм гущIыхьэ ящыхъуащ тенджызым къыщежьэу псы Iуфэм къэса гуэжькъуий лъэщ 13-м я зэранкIэ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 15-16-хэм я жэщым Краснодар крайм и ТIуапсэ районым псыр къызэрыщIуам къыхэкIыу цIыхухэр зэрыхуэкIуэдам, хъыбарыншэу зэрыкIуэдам теухуауэ къатахэр. Районым и жылагъуэхэм хэщIныгъэшхуэ ягъуэтащ, Псыуэшхуэ Ин, Псыуэшхуэ ЦIыкIу адыгэ къуажэхэр зэтекъутащ. Псыр зыщIэхуахэм яхэхуащ Лазаревскэ районым щыIэ ЩхьэхуитI, ЛIыгъуэтыхь, ДАХ-м и президент АЖАХЪУЭ Къанщобий КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО-м и президиумымрэ хэкIуэдахэм я благъэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

ДАХ-м и президент АЖАХЪУЭ Къанщобий
КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО-м и президиумымрэ хэкIуэдахэм я благъэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

Налшык къалэ, 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м.

●ЩIэныгъэхэр

Псоми щыгъуазэхэр

цIыхухэм пщIэншэу щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр. Псом ахэмэ щIэтын хуейщ. Нэхьапэм дакъикьитху нэхъ дэмыкIыу ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъкур ящэн-кьэщэхуным теухуа тхылъхэр зэфIагъэхьэ хьурт. АрщхьэкIэ иджы апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм пщIэ щIэтын хуейщ. Пэжщ, иджыри ар ахъшэшхуэкъым - тхылъымпIэкIэ тхылъхэр бгъэхьэзырыным текIуэдзнур сом 300-щ, электрон пошткIэ соми 100-щ. ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, электрон поштыр кьэзыгъэсэбгъэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ хьунущ.

Мыри кьыхэзгъэщын хуейщ. Мы зэманым зэIубжьым хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэмрэ Росреестрымрэ я зэхущытыкIэхэр. Зы лъэныкъуэкIэ прокуратурэр хуитщ щэч зыхуищI дэтхэнэ Iуэхущ1апIэри кьыпщытэну, ауэ Росреестрым и щхьэкIэ кьыкIа унафэм ипкъ иткIэ, абы ар зыхуеину хъыбархэр Iэрамыгъэхьэми хуэныкъуэ зыхуэфащэ щапхъэм иту зыкъыхуаамыгъэзамэ. Мыбдеж щыгъэпэщIуэу УФ-м «Прокуратурэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ законымрэ зи гугъу тщIы хабзэмри, ар иужькIэ зохахьыжину кьыщIэкIынщ.

Кьыхэзхуэсахэм упщIэ куэд ятащ икIи абыхэм я жэуапри зэхахащ.

ЗэIущIэм хэтащ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ящыщхэр, журналистхэр.

Мы Iэнатlэм щIыхуэхэм я дежкIэ иIэ мыхъэнэр иджыри куэдым кьагурыIуэркъым. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу Iуэхущ1апIэм и унафэщIэр журналистхэм елъэIуащ я лэжьыгъэр зыхуэдэр нэхъ купщIафIэу икIи зэпкърыхуаэ щIыхуэхэм я пащхьэ ирапхьэну.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

●ЩIэныгъэхэр

Псоми щыгъуазэхэр

цIыхухэм пщIэншэу щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр. Псом ахэмэ щIэтын хуейщ. Нэхьапэм дакъикьитху нэхъ дэмыкIыу ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъкур ящэн-кьэщэхуным теухуа тхылъхэр зэфIагъэхьэ хьурт. АрщхьэкIэ иджы апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм пщIэ щIэтын хуейщ. Пэжщ, иджыри ар ахъшэшхуэкъым - тхылъымпIэкIэ тхылъхэр бгъэхьэзырыным текIуэдзнур сом 300-щ, электрон пошткIэ соми 100-щ. ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, электрон поштыр кьэзыгъэсэбгъэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ хьунущ.

Мыри кьыхэзгъэщын хуейщ. Мы зэманым зэIубжьым хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэмрэ Росреестрымрэ я зэхущытыкIэхэр. Зы лъэныкъуэкIэ прокуратурэр хуитщ щэч зыхуищI дэтхэнэ Iуэхущ1апIэри кьыпщытэну, ауэ Росреестрым и щхьэкIэ кьыкIа унафэм ипкъ иткIэ, абы ар зыхуеину хъыбархэр Iэрамыгъэхьэми хуэныкъуэ зыхуэфащэ щапхъэм иту зыкъыхуаамыгъэзамэ. Мыбдеж щыгъэпэщIуэу УФ-м «Прокуратурэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ законымрэ зи гугъу тщIы хабзэмри, ар иужькIэ зохахьыжину кьыщIэкIынщ.

Кьыхэзхуэсахэм упщIэ куэд ятащ икIи абыхэм я жэуапри зэхахащ.

ЗэIущIэм хэтащ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ящыщхэр, журналистхэр.

Мы Iэнатlэм щIыхуэхэм я дежкIэ иIэ мыхъэнэр иджыри куэдым кьагурыIуэркъым. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу Iуэхущ1апIэм и унафэщIэр журналистхэм елъэIуащ я лэжьыгъэр зыхуэдэр нэхъ купщIафIэу икIи зэпкърыхуаэ щIыхуэхэм я пащхьэ ирапхьэну.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Псори тогуэвыхь ар цIыхухэми щIыуэпсми зэран зэрахуэхьуным.

НОБЭ

♦Статистикэм и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 40-нэ сессием и унафэкIэ ягъэуващ.

♦Урысей Флотыр кьыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Дзэ связистым и махуэщ

♦Жэпуэгъуэм и 20 - 21-хэм Астэна (Къзэхьстан) щекIуэкIынущ ОБСЕ-м терроризмэм пэщIэтынымкIэ и конференщ.

♦Жэпуэгъуэм и 20 - 22-хэм Барилоте (Аргентинэ) щекIуэкIынущ хъыбарегъащIэ агентствэхэм я 3-нэ дунейпсо конгрессыр.

♦2000 гъэм Шэджэм поселкэр ШэджэмкIаIэ хъуащ.

ПIалъэхэр зыхьхьэзыгар **ШАЛ Мухьэмэд.**

Я къалэнхэм хуэпэжу

УФ-м къырал кIуэцI Iуэхухэмкъ и министр Нурмагомед Рашид ФIыцIэ яхуэщIащ зи къалэнхэм хуэпэжу икIи Iуэхум хуэЗэзу щIэнхьаджащIэхэм япэува хабзэхъумэхэм.

Беджмылы зэрыхъуамкIэ, щIэпхъаджащIэхэр хэтащ Щэшэным и парламентым щыщ депутат зыбжанэ яуэкIыну. Ахэр уеблэмэ унэм и еплIанэ къатми иэсыфащ. АрщхьэкIэ бзаджэнаджэхэм япэуващ СОБР-м хэт зауэлIхэр. ЩIэпхъаджащIитIым езыхэм дагъымкIэ зыкъыгъэуащ, щыр хабзэхъумэ-

Лъэпкъ Iуущ1ыгъэ:

Хамэ пщIэнтIэпс хъер хъуркъым.

●Къэрал гулъытэ

Хъупсырокъуэ Хъызыр пщIэ къыхуащI

КАВКАЗ ИЩХЪЭРЭМ ис лъэпкъхэм я щэнхабзэм и тхыдэмкIэ Урысейм и Iэщ1агъэлI нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ, тхакIуэ Хъупсырокъуэ Хъызыр «Хэкум и пащхьэ щIIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и III нагъыщэр кьратащ. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа щIэныгъэлIым къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщыр кьыхуэгъэфэщащ «щэнхабзэм, печатым, телерадиовещанэм и Iэнатlэхэм щиIэ фIыщIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ и зэфIэкI кьиригъэльагъуэу творческэ лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым папщIэ».

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Хъупсырокъуэм и юбилейм ирихьэлIэу кьыдигъэкIащ «Пушкинымрэ ЩIерджэсымрэ» тхылъыщIэр. Абы кьыщыхэгъэщащ Урысейм ис лъэпкъ цIыкIухэм я щэнхабзэр хъумэныкIэ, зегъэужьыныкIэ, ар дунейпсо утыкум ихьэныкIэ егъэлеяуэ Iуэхуэшхуэхэр зэрыгъэхьэзырыным ахъшэшхуэ трагъэкIуадэрт.

«Мы зэманым лъэпкъ цIыкIухэм я дежкIэ кIуэтэху нэхъ гугъу мэхъу бзэр, хьэл-щэныр, дунеи тетыкIэр хъуэныр. Ар икъукIэ Iуэхушхуэщ, - кьыхегъэщхьэхукI щIэныгъэлIым. - Ахэр джыныр Кавказым и республикэхэм мыйеиуэ кьыщызэгъэпэщащ, ауэ анэдэлхъубзэм гъащIэмэ, Iуэхуэхэр зехьэнми, экономикэмэ я лъэныкъуэкIэ иIэ мыхьэнэм кIэрыкъу зэпытщ. Зы лъэпкъ зэкъуэту щыдужьын икIи анэдэлхъубзэр тхьумэн папщIэ, дэ икIэщIыпIэкIэ адыгэ псоми я зэхуэдэ альфбей зэхэлъхьэныр зэрэIэдгъэкIын хуейщ».

ТхакIуэ, литературовед, критик, егъэджакIуэ Хъупсырокъуэ Хъызыр Хьэжбечыр и къуэр 1930 гъэм гъатхэпэм и 18-м Хьэбзэ (Къэрэшей-Щэрджэс) адыгэ къуажэм кьыщалъхуащ. Абы щIэныгъэ лэжьыгъэ щэ зыбжанэ триухуащ Кавказым и щэнхабзэм, адыгэхэм - щэрджэсхэм, къэбэрдейхэм, адыгейхэм - я литературэм пыщIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр убзыхуным. Хъупсырокъуэм прозэ тхыль зыбжанэ кьыдигъэкIащ. Адыгэбзэкъэ урысыбзэкIи традза «Бгъыхэр жэщым» повестым, «Пшэ» романым, повестхэмрэ рассказхэмрэ щэхуэхьэса «ЩIым кьыетена лъэужь» тхылъым кьыщыгъэльэгъуащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм, абы иужь илъэсхэм Къэрэшей-Щэрджэсым къыщыхъуа Iуэхухэр. Абыхэм кьахощ Урысейм ис лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ зэдзэжьныгъэм и хэкIыпIэхэр.

сул, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсин сымэ я тхыгъэхэр.

Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым совет властым и зэманым Кавказым исхэм зэдыщIэкIыу щIэныгъэ зэрагъэуэтар, алыфбейхэр зэрызэхалъхьар, лъэпкъхэм я тхылъ тедзапIэхэр, театрхэр, газетхэр, тхакIуэхэм я союзхэр, IуэрыIуатI-этнографие гупхэр кьызэрызэрагъэпэщащ. Лъэпкъхэм я бзэхэр, щэнхабзэхэр хъумэным, абыхэм зегъэужьыным ахъшэшхуэ трагъэкIуадэрт.

«Мы зэманым лъэпкъ цIыкIухэм я дежкIэ кIуэтэху нэхъ гугъу мэхъу бзэр, хьэл-щэныр, дунеи тетыкIэр хъуэныр. Ар икъукIэ Iуэхушхуэщ, - кьыхегъэщхьэхукI щIэныгъэлIым. - Ахэр джыныр Кавказым и республикэхэм мыйеиуэ кьыщызэгъэпэщащ, ауэ анэдэлхъубзэм гъащIэмэ, Iуэхуэхэр зехьэнми, экономикэмэ я лъэныкъуэкIэ иIэ мыхьэнэм кIэрыкъу зэпытщ. Зы лъэпкъ зэкъуэту щыдужьын икIи анэдэлхъубзэр тхьумэн папщIэ, дэ икIэщIыпIэкIэ адыгэ псоми я зэхуэдэ альфбей зэхэлъхьэныр зэрэIэдгъэкIын хуейщ».

ТхакIуэ, литературовед, критик, егъэджакIуэ Хъупсырокъуэ Хъызыр Хьэжбечыр и къуэр 1930 гъэм гъатхэпэм и 18-м Хьэбзэ (Къэрэшей-Щэрджэс) адыгэ къуажэм кьыщалъхуащ. Абы щIэныгъэ лэжьыгъэ щэ зыбжанэ триухуащ Кавказым и щэнхабзэм, адыгэхэм - щэрджэсхэм, къэбэрдейхэм, адыгейхэм - я литературэм пыщIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр убзыхуным. Хъупсырокъуэм прозэ тхыль зыбжанэ кьыдигъэкIащ. Адыгэбзэкъэ урысыбзэкIи традза «Бгъыхэр жэщым» повестым, «Пшэ» романым, повестхэмрэ рассказхэмрэ щэхуэхьэса «ЩIым кьыетена лъэужь» тхылъым кьыщыгъэльэгъуащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм, абы иужь илъэсхэм Къэрэшей-Щэрджэсым къыщыхъуа Iуэхухэр. Абыхэм кьахощ Урысейм ис лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ зэдзэжьныгъэм и хэкIыпIэхэр.

●ТхылъыщIэ

Унэхэр гъэплъын щIадзэ

Бжьыхьэ-щIымахуэ гъэпсылъэгъэ лъэхъэнэм ШэджэмкIуэр зэрыхуэхьзырым щыгъуазэ дищIащ «ЧТУК» МПГ-м и инженер нэхъыщхьэ Тхьэсэн.

- УНЭХЭР гъэплъын щыщIадзэ лъэхъэнэм зэрыгъэхьэфIкIкIэ зыхуэдгъэхьэзыращ. Котельнэу 23-рэ диIэти, жьы хъуахэр зэтхьэжкIащ, нэхъыбэм я унащхьэхэри тхьэжащ. Нобэ диIэ хьэжу 55-м щыщу 3-р, теплотрассэ метр 8500-м щыщу метри 100-р, счетчикхэр, хуабагъэр къэзыгъэзэлъагъуэ Iэмэпсымохэр зыхуей хуэдгъэхащ. БжьыхьэмифIэр дащIикIи жьыпIэ хъунущ гъэпсылъагъэ лъэхъэнэм дыхуэхьзыру, щIымахуэми дыздэрыщымышынэр», - жиIащ инженер нэхъыщхьэм.

ДЗЭГЪАЩIГЪЭ Аэмэт.

●Дзэлыкъуэ куей

Нэхъыжьхэр ягъэлъапIэ

Жэпуэгъуэм и 22-м «Пшэпль пльыжьхэр» сабий зыгъэпсэхупIэм щагъэлъэпIэнущ зи ныбжь хэкIуэтауэ Дзэлыкъуэ районым щыпсоуэхэр.

МЫ IУЭХУР хохьэ Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм егъэщIылIауэ зэфIагъэкI «Гущ1эгъу» мазэ лэжьыгъэм.

Зэхьыхэм хэтынущ куейм и администрацэм и лIыкIуэхэр, кьуажэ унафэщIхэр. Абы ирагъэблагъэхэр ягъэхьэщIэнущ, концерт ирагъэпIлынущ.

ПЩЫУНЭ Эммэ.

●Шэджэм куей

Унэхэр гъэплъын щIадзэ

**Бжьыхьэ-щIымахуэ гъэпсылъэгъэ лъэхъэнэм ШэджэмкIуэр зэрыгъэхьэзыращ щы

75 ТхакIуэ цIэрыIуэ Елгъэр Кашиф

Еш ищIэркъым

Ильэс 75-рэ мэхъу адыгэ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Елгъэр Кашиф къыззэралъхурэ. Абы и къаэмыпэм къыщIэкIащ зи пщащэ и лъагэ тхыгъэ купщIафIэ куэд - усыгъэхэр, рассказхэр, повестхэр, ахэр гъэнщIащ гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжыпIэкIэ, гупсысэ кууклэ.

Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр Щхьэлыкъуэ кьуажэм 1935 гъэм жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм и 10-м къыщалъхуащ. Къуажэ школым и ужькIэ Кашиф 1955 - 1960 гъэхэм щеджащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературнэ институтым (Москва), ар кьнуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр телестудием, «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым щылэжьащ. 1970 гъэ гъанэрэ ар щыIэщ «Іуащхьамахуэ» журналым и редакцэм - абы и къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару. Иджыпсту а журналым и редакцэр нэхъыщхьэ къулыкъур егъэзащIэ.

Елгъэрым и усэхэр дунейм къыщыдехьар 1955 гъэрщ, и пэ ятIонэрэ («Дыгъэр къыщыщIэкIым») 1958 гъэм къыдэкIащ. Абы гъанэрэ Налшык, Москва щыгтрадзащ Кашиф и тхыгъэхэр щыщхъуэхъэса тхыдэ 26-рэ. Абы хэм ящыщщ «Гъэгуущхьиблэр щыщхэкIым», «ЩIэдзапIэ», «ГугъапIэ», «Псыгуэж», «Пщэдджыжь хьэщIэ», «Ухеймэ, улъэщщ», «Бгъыхэм я жьауэ», «Щым и набдзэ», «Къуэжьхъэр», «Песня у водопада», «В долине нарзанов», «Ночное солнце» тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэри. 1988 гъэм къыдэкIащ Елгъэр Кашиф и «Щыуагъэ» романыр.

Елгъэр Кашиф адыгэбзэкIэ зэриздзэкIащ нэгъуэщI лъэпкъ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Іэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ куэд. Араш Къурэн гъапIэмрэ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэмрэ и Іуэхъущафэхэмрэ теухуа тхылъымрэ адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIари. Елгъэрым и Іуэхъущафэхэмрэ теухуа тхылъымрэ гъэкIэн я бзэкIи.

Ди литературэм, журналистикэм, щэхабзэм щIэ фIыщIэм папщIэ Елгъэр Кашиф къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ гъапIэр, «Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр къратащ.

Ди гупэ зыхуэгъэзауэ, зы пэш дыщIэсу редакцэм дыщыздэлажьащ Елгъэрым сэрэ. Ар сытым щыгъуи ящыщащ лэжьыгъэм хьэлэлу, ныжьжьэгъуэм гу щIанэу ябгъэдэт, пэжыр зи нэрыгъ журналистхэм.

Жыжьэ пльэф икIи абы губзыгъэ кIэтыкIугупсэжьыф тхакIуэщ Кашиф. Абы щыхьэт тепщIэ хьунущ нужьрей илъэсхэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэжэр. Апхуэдэщ Мухьэмэд бегъымбарым теуха тхылъышхуэр абы адыгэбзэкIэ хъарзынэу зэриздзэкIыу езыр щылажьэ «Іуащхьамахуэ» журналым къызэрытрыригъэдзар, нужьжьэ тхылъ щхьэхуэу къызэрыдигъэкIыжар. А лэжьыгъэ гугъум Кашиф къаруушхуэ тригъэкIуэдащ, хъарзынэуи ехьулIащ. Абы игъэгушхуэу, Іуэхум нэхъри хуэIэнжь хъуэуэ Елгъэрым нэхъ кьаэн иныж кьищтащ, абы адыгэбзэкIэ зэриздзэкIащ Къурэнрыр. Сэ сыщыгъуазэщ Кашиф абы къаруушхуэ зэрырихьэлIар, гугъуэхь нин зэрыдищэчам.

Елгъэрыр зи гум ильыр зи бзэгупэм пылъу зи Іэгур зи Іэнэу псэу цIыху хьэлэщ. Адыгагъэ зыхэлъ, адыгэпсэ зыхэт, и лъэпкъым и фIым щыгуфIыкI, и гуаэм игъэдзыхэ а цIыху щыпкъэр зэрытхакIуэ, журналист Іэзэм кьыдэкIуэу, губзыгъэ дунейм тет, щапхъэ зытрах щхьэгъэзыгъэщI, адэщ икIи адэщхуэщ. ТхакIуэм и гъжьыгъэ гугъуэм щхьэгъуэсэм кьалэн гуэр щимыгъэзащIуэ щыIэ хуэнукьым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин республикэ библиотекэщ адэщ ящыIуэ къуедикьым Кашиф дежкIэ, атIэ зэIэпыкъуэгъуэшхуэщ.

Жи1э, Елгъэр и къуэу ди къуэшыфI Кашиф, лыжь ухъуэуэ тхъэ щумыIуэу мы сэ бжесIэм кьыщIэдэIу. Мы нобэ уэ бгъэщIагъуэ ильэс 75-м дэрэ дебакъуэри, илъэс зытхуэхи дэкIыжащ. Аущ къэхъуащхуи щыIэ хуэдэкьым. Жьы ухъу щхьэкIэ умыгужьей. Араш насып жьыхуэIэжьр - уопсэ. Аущ сэ уэ фIыуэ уэзощIыу, Кашиф, икIи си фIэщ хъурькьым зэи жьы ухъунущ. Зи, сщIэркъым, уэзгъэкIуркьым. Си илъэс бжьыгъэм хэхъуэрэ уи узынщагъэм хэмыщIу, уи кьалэмыпIэр зэрыжану кудрэ упсэу.

Сщыгъупщэрти, уи тхылъ нэхъыфI дыдэр щыптхынур дяпэкIэщ, Кашиф. УщыщIалэм деж сыт птхыми къезэгъ щхьэкIэ, 10рыс1э ухъуа нужь къомыкIуахэрэ гьнэжщ. Щынибэпхыр щIэкъуэз, ныбжьэгъу!

КЪЭРМОКЪ УЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз тхакIуэ.

Шыныбэпхыр щIэкъуэз, ныбжьэгъу

Елгъэр Кашиф и тхылъ кьомым ярытхэм тепсэлъыхьыныр сэ къыщыслъымыскIэ, и зы тхыгъэ мыин дыдэ, нахь щхьэгъуэ мыкIэщIи, «Пшагъуэм игъэпщкIу удэр» зыфIища рассказым тIэкIу сытепсэлъыхьыт.

Ар щITХА зэманым сыщыгъуазэкьым, ауэ зытетар 1995 гъэм ящыдэкIа «Іуащхьамахуэ» журналым и етIуанэ номерыщ. РассказкIэ сфIэпIащIэIуэу, повесткIэ сфIэмащIэIуэу, фIищари мыгурыIуэгъуэ дыдэу кьыззэрсфIэщIам щхьэкIэ, «мыбы кьыхиуа гуэрыр сыт», жысIэу тIэкIуи сыхуэщIыхьэ щыкIэу сыхэдыкьур», кьыззэгъэдзэкIа тхыгъэм и пэм кьыщIэздзэжьын хуей хъуащ.

Дауи, щхьэздыкIа тIэкIуи сызращэлIат, сыдахьэхат. Кашиф итха псом мыр ящхьэун, тельыджэрэ хуэди щымыIэжу жысIэркъым. Ауэ абы ар-гуэру зэ си фIэщ ищIащ тхакIуэр гъащIэм нэ жанкIэ зэрыхьэпIэр, ди зэман щэнтхъуэгъуэм дэджаIэу псэм ящэ ирагъэщ напэр зыфIэкIуэда цIыхуэр дунейм тез зэрыхъуам зэрытегъэзыхьыр.

Зыми гу зыльымытыр Іуэху щIэщыгъуэкьым Кашиф и рассказым кьыщIэIэтыр. Уеблэмэ ягъэуакуеят жьыхуэтIэм хуэдэщ. Ауэ тхакIуэм литературэм и Іэмал щэрыуэхэмкIэ зэпкърихыу ди пащхьэм кьрилъхьа темэжьыр щIэщыгъуэ тщищIри, ди фIэщи ищIащ. Ди цIыху гъащIэ тIэкIум хэпъ хьэзабышхэр, цIыхупсэм игъэ бэлыхьым и инагъыр, нэхъ кьабзэ дыдэу щытын хуей напэм етпсэфыф гум щIыхьэу, пэжагъ хэпъу щыдигрэльэгъуа Кашиф и рассказыр кьеджэ псоми зыхащIэну кьыс-фIощI.

И ныбжьыр ильэс 75-рэ хъуащ жьыпIэу нобэ Елгъэр Кашиф щIэдгъэльапIэр, дауи, зэрытхакIуэрщ. Ауэ си дежкIэ ар тхакIуэ кьудейкьым. Кашиф сэрэ куэд щIауэ дыдэрощIыху, дыдэдэтэжьащ, дыдэныбжьэгъущ, ди гупсысэ зэтэкIу, ди дзыхь зыдогъэз. Ар псэльэгъу губзыгъащ, чэнджэщэгъу щхьэпэщ, нэкьабзэкIэ дунейм тепIыф, илъагъур акъыл жанкIэ зэзыхьэхуф щIыхьущ. БгъыщIэгъэкьуауэ щымытами, Кашиф гъащIэ тынш иIакьым. Ар ящыщщ зи сабингъэр зауэм хиубыда, абы кьрикIуа гуэрхьэхэр нэхъыбэу зыгъэзва ныбжьыщIэхэм.

Ди гупэ зыхуэгъэзауэ, зы пэш дыщIэсу редакцэм дыщызздэлажьащ Елгъэрым сэрэ. Ар сытым щыгъуи ящыщащ лэжьыгъэм хьэлэлу, ныбжьэгъуэхэм гу щIанэу ябгъэдэт, пэжыр зи нэрыгъ журналистхэм.

Жьыжьэ пльэф икIи абы губзыгъэ кIэтыкIугупсэжьыф тхакIуэщ Кашиф. Абы щыхьэт тепщIэ хьунущ нужьрей илъэсхэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэжэр. Апхуэдэщ Мухьэмэд бегъымбарым теуха тхылъышхуэр абы адыгэбзэкIэ хъарзынэу зэриздзэкIыу езыр щылажьэ «Іуащхьамахуэ» журналым къызэрытрыригъэдзар, нужьжьэ тхылъ щхьэхуэу къызэрыдигъэкIыжар. А лэжьыгъэ гугъум Кашиф къаруушхуэ тригъэкIуэдащ, хъарзынэуи ехьулIащ. Абы игъэгушхуэу, Іуэхум нэхъри хуэIэнжь хъуэуэ Елгъэрым нэхъ кьаэн иныж кьищтащ, абы адыгэбзэкIэ зэриздзэкIащ Къурэнрыр. Сэ сыщыгъуазэщ Кашиф абы къаруушхуэ зэрырихьэлIар, гугъуэхь нин зэрыдищэчам.

Елгъэрыр зи гум ильыр зи бзэгупэм пылъу зи Іэгур зи Іэнэу псэу цIыху хьэлэщ. Адыгагъэ зыхэлъ, адыгэпсэ зыхэт, и лъэпкъым и фIым щыгуфIыкI, и гуаэм игъэдзыхэ а цIыху щыпкъэр зэрытхакIуэ, журналист Іэзэм кьыдэкIуэу, губзыгъэ дунейм тет, щапхъэ зытрах щхьэгъэзыгъэщI, адэщ икIи адэщхуэщ. ТхакIуэм и гъжьыгъэ гугъум щхьэгъуэсэм кьалэн гуэр щимыгъэзащIуэ щыIэ хуэнукьым. Кьэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин республикэ библиотекэщ адэщ ящыIуэ къуедикьым Кашиф дежкIэ, атIэ зэIэпыкъуэгъуэшхуэщ.

Жи1э, Елгъэр и къуэу ди къуэшыфI Кашиф, лыжь ухъуэуэ тхъэ щумыIуэу мы сэ бжесIэм кьыщIэдэIу. Мы нобэ уэ бгъэщIагъуэ ильэс 75-м дэрэ дебакъуэри, илъэс зытхуэхи дэкIыжащ. Аущ къэхъуащхуи щыIэ хуэдэкьым. Жьы ухъу щхьэкIэ умыгужьей. Араш насып жьыхуэIэжьр - уопсэ. Аущ сэ уэ фIыуэ уэзощIыу, Кашиф, икIи си фIэщ хъурькьым зэи жьы ухъунущ. Зи, сщIэркъым, уэзгъэкIуркьым. Си илъэс бжьыгъэм хэхъуэрэ уи узынщагъэм хэмыщIу, уи кьалэмыпIэр зэрыжану кудрэ упсэу.

Сщыгъупщэрти, уи тхылъ нэхъыфI дыдэр щыптхынур дяпэкIэщ, Кашиф. УщыщIалэм деж сыт птхыми къезэгъ щхьэкIэ, 10рыс1э ухъуа нужь къомыкIуахэрэ гьнэжщ. Щынибэпхыр щIэкъуэз, ныбжьэгъу!

КЪЭРМОКЪ УЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз тхакIуэ.

Псынэм изогъэщхь

**Кашиф и ящыщщ и ныбжьыкIэ нэхъ щIалэу литературэм лъэ будэкIэ хьихьэн зи насып кьихьаХэм. Абы и кьыхэкIыпIэ нэхъыщхьэ хьуари тхэным хуэгъэщIауэ, ар и лым хэпъщауэ, абы тегъэпсыхьауэ, абыкIэ Іэзагъэ хэлъу зэрыщытащ. Іхэным пыль дэтхэнэми фIыуэ ещIэ ныбжьыщIэхэм я гъуэгур, я апэрей лъэбакъуэр зэрыщытыр, я апэрей уэзри тхылъри дунейм кьытехьынм, тхакIуэхэм я сатырэм хэуэвным гугъуэхь инхэр пыщIауэ кьызэрекIуэкIыр. Ар ящыкьуэм кьыхокIяпэ лъэбакъуэр зыучэм дзыхь зэрыхуамащIым, языныкьуэм езыхэм яфIэкьыну, япэ ищыну нэхъыжьхэр зэремыуэлIэрым, нэгъуэщIхэм. Апхуэдэ гугъуэхьхэри кьыпэщIэтащ Кашиф, ауэ кьыумылытэу хьунутэкьым а ныбжьыщIэм и Іэзагъэр икIи абы пэрыуэгъу кьыхуэхьуну хуеяхэр икIуэтын хуей хьащ. Фегупсысыт: и ныбжьыр ильэс 23-рэ нэхъ мыхъуу Налшык къыщыдигъэкIын хуэзфIэкIащ «Дыгъэр къыщыщIэкIым» тхылъ-лъэр. Зы ильэс нэхъ дэмыкIыу Кашиф и уэрэ хэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ дунейм къыщытригъэхащ Москва. Абыхэм кьыкIэлыкIуащ усэхэр, рассказхэр, поэмэхэр, повестхэмрэ романхэмрэ зэрыт тхылъхэр.

Мацlэ сфlощI

КАШИФ слъагъуэу жьыхуаIэм хуэдэу мы Іуэхуитыр сигу кьокIыж.

СщIэжьркъым дэтхэн кIасы сыхсами, ауэ ящIащIэ дыдэхэр арауэ кьыщIэкIынщ ар къыщыхьуар. А зэманым класс-классKIэрэ ещанIэ нэхъыжьхэр школым «щыкъэрэгъуэт», сабийхэр ямыгъэзэрану, кьабзагъэм кIэлъыплъ, кьыщIэхуар утыку щращэри мымащIэу. Арати, Кашиф зыхэс классыр «щыкъэрэгъуэ» махуэхэм зы щIалэ цIыкIу кьыщIэхуащ - кIэльындор кIыхьым ирижэу яубыдащ. КIэльндорым кьыщызымыжьихьа, кьаштым удэушыей пкIэльэфи и пхъэгуфэм тесу кьемыжэхэ щIалэ цIыкIу щыIэ! Ауэ ар зыубыдар зызыгъэткIий гуэрти (нужькIэ и ткIиягъыр щигъэльэгъэщи кьулыкъущIапIэ ар ихуащ), утыкум ирищащ. Абы техьущIыхьу, и нэпс кьекIуауэ и ешджэгъуэм я пащхьэ зэрытыр щиIыгъуэм, Кашиф кьэтэмакъащ: «Уэ сэхуран пIункIыу махуэ псом школым ущIэтащ, мы сабийм сыт ущIыщIыхар?» - жиIэри, щIалэ цIыкIур и классэгъуэм яхищэжащ.

Мыр Кашиф имыщIэжькIи хъунщ. Ауэ ар сигу кьыщIэзгъэкIыжьхэ нужькIэ жысIэнщ.

ЕтIуанэр екъэлIащ Елгъэр Кашиф и уэ «Лу щыдыгум икIуэдащ» зыфIищам (ар япэу дуней зыльэгъуа и тхыгъэ сфIощI). Лэжьыгъэ зищIысыр псалъэ кьудейкIэ мыхъуу, зи фэкIэ зыхэзыщIа, гъащIэм и гупэр щыидзбэийри фIыуэ ЗыIэ щIалэм а и тхыгъэр къызэрытрадзэххэу жьлэ псом щызэпIащIысат, ягу иримыхьыж, лэжьыгъэм зыщIезыгъэх гуэр ялъагъуэ, «колхоз-молхоз нэ ходи, только пщафIэ и сиди» жаIэу, мыр Кашиф и Іэдакъэщ Іэкl нэхъыфI дыдэхэм щымыщIи, цIыхур и гущIэ щымыхьу лэжьэн, бэм ифI зыхэль Іуэхум щIэбэнын зэрыхуэгъэ ехьулIауэ усакIуэм и гъуэгуз псалъэу къыщIэкIащ икIи нужькIи тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм а гупсысэр я дэлэнсщ.

Мы ІуэхугъуитIыр сигу кьыщIэзгъэкIыжри мыращ: Кашиф сыт щыгъуи жьэнахуэу, фэрыщIагъэ хэмылъу, пэжыр жиIэу, хуэмыфащэу лей зытехьэу къыфIэщIам кьыщхъэщыжу мэпсэу. Ар щыапхъэдэщ гъащIэми ар щыапхъэдэщ литературэми.

Сэ Кашиф и тхыгъэхэр эпкърыхьыну кьалэн си пщэ дэслъхьэжакьым - абы и дэтхэнэ тхылъми (ар усэу е проззу щрет) мы жысIэр нахуэу кьыхощ. Араш ар тхылъыджэм игу, и псэ щыдыхьэр. «Лу щыдыгум икIуэдащ» уэсмкIэ мылажьэхэм, щыщIезыгъэхэм ар эзращIэнакIэ, ауэ сытми кьэхьуа Іуэху, хуэдэкьым. Сыту жьIпIэм? Кашиф ІэгъэтIылъыпIэ имыIэ жьхуаIэм ещхьу мэлажь, «махуэ кьэ зы сатыр нэхъ мыхъуми тхьи» жьхуаIэ хабзэм тету. Си фIэщ хъуркьым абы хуэдэу зэпыу имыIэу лажьэ куэд ди литературэхэм яхэту. Ноби тхьилъ кьыдэгъэкIыныр гугъу щыхьуа зэманми, зэрысщIэмкIи, ар матхэ, матхэ...

Елгъэр Кашиф адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэ инщ. Ар нобэрей ди тхакIуэ нэхъ пажэхэм, ЗкIуэлькIуэхэм, щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ я ялъагъуэхэм щыщIыщ. Ауэ абы адыгэ журналистикэми хэлъхьэныгъэшхэр хуещI, а Іуэхум нэхъ мащIэрэ и гугъу ящI пэтми, Кашиф «Ленингъуэгум» щыщылъэжьа эзманым газетым и бзэм зегъэузэщIыным ар хуабжьу егугъуащ, зы жыпхъэм кьитхэжьыкIам ещхь, кьарыкIыр кьыбгурымыIуэу кьыджкIыгъэ къэ напэкIуэцIхэм щызэбгрыпхьа жьIэгъуэхэм, псалъэ зэрыIыгъхэм ебэнащ езыр щыгъэкIи редакцэм щекIуэкI зэхуэхьэ кIэщIкIэмк.

Псом хуэмыдэу бзэ жьанкIэ, щIэщыгъуэкIэ тетхыхьыр спорт Іуэхуэм, хэхуэу жьIпIэмэ, футболым. Нобэ лажьэ журналист ныбжьыщIэхэр я репортажхэм къеджэкамэ, щхьэпэ зэрахуэхъунум шэч хэлъ тэкъым.

Кашиф и публицист тхыгъэхэм ди нобэм и Іуэхугъуэ зэIумыбзэр щызэпкърех, абы и очеркхэр дызэсжахэм емыщхьу, художественнэ очерк нэхэщ.

ТхакIуэ щIалэхэм гъуэгу етыныр кьалэн лъапIэу Кашиф эрильыгъэм и щыхьэщIу ящыIыгъ. Ар щыщIам щыщIэ, ар щыщIам щыщIыжьэр. Абы и чэнджэщэр сэбэп зыхуэхьуа, фIыщIэ кьыхуэзыщI куэд езыхэр балигъ хьуауэ нобэ литературэм хэлIыфIыхьэ. Сэ зэи зыщщызгъэгупщэкьым си рассказым хэплъу, сымыщIэххэу газетым тригъэдзауэ зэрыщытар. Ахъуэдэу абы зызыщIигъэкъуахэр куэд мэхъу.

МЫБЫИсытепсэлъыхьымэ, си гуапэт. Кашиф кьызыхэкIа унагъуэр Щхьэлыкъуэ нэхъ пщIэ, нэмыс щызиIахэм ящыщщ. Абы и адэ Мысост фIыуэ зымыдэгъуа ди кьуажи уеблэмэ Кэнжэ, ШIэджэм жьлагъуэхэми дсагъэнкъым. ЛъжьакIуэжьу, цIыху щабзрэ гуапэу, лIыжь Іущрэ чэнджэщ щхьэпэкIэ жумарту ар жьлэм ягу кьинащ. Абы и кьуэхэри - Хьэчими Кашиф - я адэм ешхъужащ. Нобэ зи гугъу тщIыр Кашиф, щхьэлыкъущхьэхэм ар фIыуэ ялъагъу жьIпIэнэр щыщIэ сфIощI, апхуэдизу пщIэ, нэмыс, щIыхь кьыхуаIщIри. Езыри жьлэм папщIэ и щхьэфэр лъэгущIыхь ищIынущ щжьлэ щхьэжащ. Нобэ зи гугъу тщIыр Кашиф, щхьэлыкъущхьэхэм ар фIыуэ ялъагъу жьIпIэнэр щыщIэ сфIощI, апхуэдизу пщIэ, нэмыс, щIыхь кьыхуаIщIри. Ар иреусэ е ирерассказ. Аращ, дауи, литературэм зэрыхьэсрейифIэ, абы лъэбакъуэщIэ езыгъэча, и пщIэр лъагэ зыдэхъуа тхыгъэ купщIафIэщ ахэр, иужьрей зэман зэрыхьэзрийм кьелауэ, кьудым укъыхуагъэущрэ уи гупсысэр зэхэзэехуэм ящIыфу. Уи тхыгъэр апхуэдэ кьарурэ гуащIэкIэ умыуэздыфIынумэ, кьалэм кьыщIыщIам щыIэкъым. ТкакIуэм и пщэ апхуэдэ кьалэн кьыззэрыдэхуэр куууэ зыхэзыщIэхэм ящыщщ Елгъэрыр. ГъащIэм и уэрыпIэ дыдэм кьыщыщIимыгъэлъауэ зы псалъэмакъэ иридзырыбым Кашиф -

и вагъуэмрэ и гъуэгущхьыблымрэ

Лъэужь

ЕЛГЪЭР Кашиф и пшынальэр гъащIэм и макъамэ хьэпэмэтхэмкIэ гъэнщIащ. Щалъхуа щыналъэм хуэусэным, абы и дахагъымрэ кьулеигъэмрэ нэрыльагъу щыным усакIуэм и бзэр хуэщъыруэщ, и гурыщIэр хуэгъуфIыкIынщэщ, хуэмыдекIинщэщ. А дахагъэ кьудейр нэIурыт щыныр аракъым усакIуэр зыхущIэкъыр, атIэ абы и гупсысэр зэхьэлIар а псори насыпым пыщIауэ зэрыщыгъуэ. Щыхум и гурыщIэм дунейм, псэ хэтым хуэдэу, зыкъыдищIу усакIуэм дегъэпытагъуэ. Апхуэдэхэщ «Гупсысэ хуитхэр», «Нартсанащхьэ», «Къущхьэхъу дыгъэр - махуэм», нэгъущIэхэр.

ТхакIуэр зытетхыхь лIы-хъужьым езыри ещхьу жаIэ. Пэж хэтщ абы. Сыт хуэдизщIыхугъэ, гуапагъэ ядэпIьагъурэ Кашиф и лIыхъужьхэм. Псалъэм папщIэ, «ЛIыужьхэр» зыфIищауэ повестыр. Абы укъеджэу тхылъыр бгъэтIылъыжа нэужь, узэгупсысыр зыщI: сыту фIы мы дунейм апхуэдэ цIыхухэр зэрыгетыр.

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ.
1995 гъэ

ШIыР къызыпхъызыуда псынэр зэуэ жабзэркIым. Пшахъуэрп, ятIэрп, кIэрыкуфкIэрыхурп здесь, лъэпощхьопохэр кьызэринэкIыу псышхуэм зэрыхъэдэгну лъагъуэр хишыхх. Абы ещхьыр Елгъэр Кашиф и усэхэр: ахэм хэкIащ гъуабжафэ къытезыгъаеуэу, зыгуэрхэм зэрыдежьуэу хэпльар. Кашиф и тхыгъэхэр къаруущIу кьыхохьэ адыгэ усыгъэм.

Ар сытым тетхыхьми, и гулъытэм щIэмыкIыр цIыхурщ - гъащIэр зыхуэзэрц, фIым хуэлажьэрц.

ЩОДЖЭНЩЫКIУ Iэдэм.
1985 гъэ

ПРИШВИН зэгуэр жиIэгъащ: «Псори усакIуэ къалъхуу, ауэ апхуэдэ хъурмащIэщ. Къэдым яхуэзэфIакIырыкIым шымыпIьасэм нбг зрадзу ягъэсэну». Елгъэр Кашиф щэсщIэкIащ адыгэщ Iэлыр игъэIэсэн. Абы и псалъэм и хущIэр кIуэ пятми нэхъ куу мэхъу, усыгъэ нэсым и нэщэнэу гъащIэщхуэ зэрэIнур нэрыльагъуущ.

ПОПЕРЕЧНЫЙ Анатолий.

ЛЪэПКъ усыгъэм, гъуазджэм игъащIэми «кьихуэтэ» Iуэхутыдэхэм - гъащIэм, лъагъуныгъэм, жьалым, дыгъэм - гъуэхуа тхыгъэхэр ебэкI хъуащ. Иджы абы кьыхохьэ гъащIэм и къежьапIэм, дыз-зыпIа щIым и къару мыкIуэщIыжым, дунеишхуэм тёухуаэхэр. ГъащIэ мыгъашIри, фIы зыщIэм ехъуэпсэнри, Iуэху цIыкIуфэкIуэхэм кьыхэкIауэ нэхъыщхьэм пэгъунэгъу зыхуэщIынри - а псори ди лъэпкъ усыгъэм хэтщ, ар зэпIэзэрыт, Iуущ-гъэр зэбэкI хъуну, и дамэр нэхъри жыну ущегъэгуть. А дамэм щIэтхэ ящыщ зыщ Елгъэр Кашиф.

СОКЪУР Мусэрбий.
1985 гъэ

ЕлГЪэР Кашиф адыгэ усакIуэ цIэрыIуэщ. Ауэ, и къуэш нэхъыжь Кьищокъуэ Алим и щапхъэм тету, нужьрей итьэсхэм прозаик Iэзэуи зыкIингъэтхэгъуащ: абы и тхылъхэр мызэмытIэу кьыщыдэкIащ «Советский писатель», «Молодая гвардия», «Детгиз», «Советская Россия», «Современник» тхыльтедзапIэхэм.

Псалъэм папщIэ, «ЛъэужьхэР» повестым хэт Бэтмырзэ, империалист, граждан зауэм хэтар, колхозхэр кьыдзэзыгъэпэщахэм ящыщщ. Абы игу кьегъэкIыж къэхъуащIэ инхэмкIэ гъэнщIауэ щыта и гъащIэр. А псор кьызидиуэтэхьм, лIыхъужьым уи нэгум кьыщIегъэувэ Совет къэралыгъуэр зэрыгэфIэуэ щыкIэр. А щIыкIэм тету Елгъэрым къиуатэр егъэнщI гъащIэм и пэжыпIэмкIэ, и лIыхъужьхэм я Iуэху пыухыкIахэмкIэ. Кашиф кьиуатэм нэшхьеягъуэкьым ебэкIыр, атIэ зэпIэзэрыту, лъэныкъуэмкIэ щыту кьыхэпIэгъэ и лъагъуэр итхыжьым хуэдэу, пэжыр кьеГъэльагъуэ.

ВЛАСЕНКЭ Александр.

ЦIыхУМ и гукъыдэжыр, уеблэмэ дзрэжэгъуэшхуэ хэлъым Елгъэрым апхуэдизкIэ кьэIуэтэкIэ щабэ кьыхуэгъуэтри, умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым.

